# ZVAKANYORWA NEVAPOROFITA



Chidzidzo 6 cha Mbudzi 7, 2026




"Nokuti zose zakanyorwa kare, zakanyorwa kuti isu tidzidze kuti tive netariro inobva pakutsungirira napakunyaradza kwaMagwaro" (VaRoma 15:4)

Kunyange zvazvo iri Shoko raMwari, Mwari haana kunyora Bhaibheri. Akashandisa vanhu vaakafemera kuti vaite izvozvo.

Uye haana kutaura mashoko chaiwo avakafanira kunyora. Akangovaudza kuti vanyore zvavaakavaratidza, kana zvavaakaisa mupfungwa dzavo.

Akavapa rusununguko rwekusarudza mazwi ekushandisa, maitiro ekunyora, nezvimwe zvinhu zvaizobatsira pakusvitsa shoko raMwari.





**Zvakanyorwa nevaporofita:**

- Zvakanyorerwa kupi uye nei zvakanyorwa?
- Zvakanyorwa nemaitiro api?

**Kushandiswa kwevanyori nezvinhu zvinobva kunze:**

- Ngenyi vabatsiri vezvinyorwa vaishandiswa?
- Vaporofita vakashandisa zvinhu zvipi zvekunze?

**Hunhu hwevanhu hwakasanganiswa neshoko:**


- Kukanganisa muBhaibheri?

ZVAKANYORWA NEVAPOROFITA

# ZVAKANYORERWA KUPI UYE NEI ZVAKANYORWA?

"Zino cienda, uzinyore pamberi pavo pahwendefa rebge, uzinyore mubuku, zive'po panguva inovuya nokusingaperi-peri." (Isaya 30:8)

Mozisi ndiye munhu wokutanga akafemerwa naMwari kunyora Bhaibheri. Ari mugwenga reMidhiani, akanyora Jobho naGenesi. Munguva yeEkisodho, akagamuchira murairo wakananga wekunyora zviitiko mukunyora (Ekisodho 17:14).



Vamwe vaporofita vakagamuchira murairo wakananga wokunyora bhuku ndilsaya ( Isaya 30:8 ); Jeremia ( Jeremiya 36:2 ); Habhakuki ( Habhakuki 2:2 ); naJohani (Zvakazarurwa 1:11).


Vanyori veBhaibheri vakanyora vari mumamiriro ezvinhu akasiyana-siyana:

















Mwari vakasarudza vanhu pamwe chete neshoko ravakafanira kunyora, nechinangwa chekuti pasave nechinhu chinorasika pane zvavaida kuti tizive kuti tiponeswe(2 Tim. 3:15).

# ZVAKANYORWA NEMAITIRO API?

"Mashoko oMuparidzi, mwanakomana waDavidi, mambo paJerusarema" (Muparidzi 1:1)


**Bhaibheri, iro rakanyorwa kwenguva inopfuura makore 1 500 nevanyori vakasiyana-siyana vanopfuura 40, rine maitiro akasiyana-siyana ekunyora. Zvinosanganisira pakati pezvimwe:**

- Zvinyorwa zvenhoroondo (Gen. 37:2)
- Madzinza (Gen. 5:1)
- Zviporofita (Is. 13:1)
- Zviratidzo zvemazuva ekugumisira(Zva. 12:1)
- Nhetembo (dzizhinji muna Isaya)
- Nziyo (Rwiyo Rwukuru rwaSoromoni 1:1)
- Zvinhu zvakafanana (Is. 17:7)
- Mifananidzo (Ruka 18:1)
- Tsamba (2 VaTesaronika 3:17)


**Bhaibheri harisiyanisi simba kana chiremera chemanyorerwo akasiyana-siyana. Ese anobatsira pakusvitsa pfungwa dzaMwari, sezvo munhu mumwe nemumwe achinzwisisa shoko zviri nani kana rikapihwa nenzira yakati pane imwe.**

**Petro anojekesawo kuti zvinyorwa zveTestamente Itsva zvine simba rakafanana neereTestamente Yekare(2P. 3:15-16).**


# KUSHANDISWA KWEVANYORI NEZVINHU ZVINOBVA KUNZE

# NGENYI VABATSIRI VEZVINYORWA VAISHANDISWA?

"Ipapo Jeremia wakaɗana Baruki mŋanakomana waNeria, Baruki akanyora parugwaro rwakapetwa mashoko ose aJehova akabva mumuromo waJeremia, aakataura kwaari." (Jeremiya 36:4)



Jeremiya aiva mupiristi, uye nekudaro, aiziva kuverenga nekunyora. Zvisinei, akashandisa mubatsiri—Baruki—kunyora mashoko akanga anzi naMwari anyorwe (Jer. 36:1-4). Kunyange zvazvo izvi zvakanga zvabvumidzwa naMwari, zvakaturikirwa zvisizvo panguva iyoyo (Jer. 43:2-3).



Pauro, uyo ainyatsoziva chiGiriki, akashandisa vabatsiri kunyora tsamba dzake ( VaR. 16:22 ). Kuti adzivise vamwe kunyora tsamba dzenhema muzita rake, aifanira kusaina idzo dzaaitaura norunyoro rwake pachake ( 2 VaTe. 3:17).



Petro akanyora tsamba dzake achishandisa mutauro wechiGiriki wakanaka kwazvo—chinhu chisinganyatsoenderana nemunhu aiva mubati wehove, uyo aitaura mutauro wechiAramaiki. Kushandisa vabatsiri kwakamubatsira kutaura mashoko ake zvakajeka mumutauro waasina kunyatsoziva. Asi, kunyange zvazvo vabatsiri vacho vakasarudza mazwi akanyatsoratidza pfungwa dzaPetro, izvi hazvirevi kuti tsamba dzacho hadzina kunyorwa pasi pekufemerwa naMwari.

# VAPOROFITA VAKASHANDISA ZVINHU ZVIPI ZVEKUNZE?

"neni ʋo, ndakati ndanatso-feya ʐose kubva pakutaŋga, ndakati ʐakanaka kuti ndikunyorerei ʋo nokuteʋedzanisa, imi Teofiro, makakurumbira" (Ruka 1:3)


**Ezra akashandisa zvinyorwa zvenhoroondo, akakopa mirairo netsamba dzaibva kumadzimambo ePersia paainyora mabhuku eMakoronike naEzra. Nehemiya, kune rumwe rutivi, akaisa mubhuku rake rondedzero yemadzinza iyo yakakopwa kubva pane imwe yaive iripo kare.**






**Sezvo Ruka asina kuvapo panguva yezviitiko zvaanotsanangura, akanyora Evhangeri yake pamwe chete nechikamu chebhuku raMabasa evapostori achibva pazvinyorwa zvenhoroondo uye kuburikidza nekubvunzurudza vanhu vakazvionera (Rk. 1:3).**

**Pauro anotaura mashoko akatorwa kubva kuna Epimenides naAratus, vanyori vekare vechiGiriki (Mabasa 17:28; Tito 1:12). Judha, kune rumwe rutivi, anotora mashoko kubva mubhuku risiri chikamu cheMagwaro Matsvene, rine uprofita hwaEnoki (Jude 1:14).**





Epimenides



Arato

**Vese vaitungamirirwa neMweya Mutsvene pakushandisa zvinyorwa izvi zvekunze. Vakaona kuti vaitsanangura chokwadi, uye nekudaro, vachiratidza zvaida kutaurwa naMwari.**



Book of Enoch

# HUNHU HWEVANHU HWAKASANGANISWA NESHOKO

# KUKANGANISA MUBHAIBHERI?

"Asi fuma iyi tinayo mumidziyo yevu, kuti ʋukuru bgesimba bguʋe bgaMŋari, bgurege kuʋa bgeđu." (2 VaKorinte 4:7)

**Mwari akasarudza kushandisa vanhu vane zvikanganiso—"midziyo yevhu"—kuti vauyise shoko ravo (2 VaKorinde 4:7). Kushaya kukwana uku kwakakanganisa sei shoko racho? Bhaibheri ringavimbwa naro zvizere here?**

## Mashoko ekare

- Mashoko ari mumutauro wechiHebheru, wechiAramaiki, kana wechiGiriki atisingazivi zvaanoreva, kana kuti akashandiswa aine revo yakasiyana panguva yemuprofita
- **Mienzaniso:** *Gopher* (גֹּפֶר) (Gen. 6:14); *Selah* (סֶלָה) (anoshandiswa mumapisarema mazhinji)

## Zvikanganiso zvakaitwa nevanyori vanokopa

- Pakukopa magwaro, kana kuti achianyora kubva pakuudzwa zvekunyora, mukopi anogona kukanganisa (zvinonyanya kuwanda muTestamente Itsva)
- Muenzaniso:"Comma Johanneum" (1 Johani 5:7-8).Mashoko aya akanyorwa nemunyori anokopa magwaro, ayo akazobatanidzwa mugwaro racho nemumwe munyori anokopa magwaro

## Zvikanganiso zvakaitwa nevanyori vacho pachavo

- Pakududza mashoko kubva mundangariro, kana kutaura nezvechiitiko chavasina kuzvionera ivo pachavo, vanyori veBhaibheri vangave vakaita zvikanganiso zvidiki, zvisina kukosha
- **Muenzaniso:** Mashoko aMateu aanodana Zakariya—uyo akaurayiwa naJoashi—kuti "mwanakomana waBerekia" (uyo ari iye munyori webhuku raZakariya) (Mat. 23:35; ona Ruka 11:51; 2 Makoronike 24:22)

## Zvikanganiso zvevaturikiri

- Vaturikiri veBhaibheri, kunyanya avo vanoturikira mumutauro wemazuva ano, vanogona kukanganiswa nemafungiro emuturikiri wacho
- **Muenzaniso:** Dzimwe shanduro dzemazuva ano (MSG, NMB) dzinodudzira mashoko ane chekuita ne"Zuva raShe" (Zvakazarurwa 1:10) se"Svondo," kunyange zvazvo izwi iri rakatanga kushandiswa mushure mekufa kwemuapostora 1:10)

**Kukanganisa kana kusawirirana uku kushoma zvikuru, uye kazhinji kunogona kunzwisiswa kuburikidza nekudzidza kwakadzama. Tinogona kuva nechivimbo chekuti chokwadi chinobva kuna Mwari chakapfuudzwa kwatiri zvakatendeka kwemazana emakore, sezvachakanyorwa mumapeji eBhaibheri.**

**“Mwari akafara kuzivisa chokwadi Chake kunyika achishandisa vanhu; uye Iye pachake, kuburikidza neMweya wake Mutsvene, akagadzirira vanhu uye akavapa simba rekuita basa iri. Akatungamirira pfungwa dzavo pakusarudza zvekutaura nezvekunyora. Pfuma iyi yakaiswa mumidziyo yevhu, asi kunyange zvakadaro, inobva kudenga. Uchapupu uhwu hunosvitswa kuburikidza nemutauro wevanhu usina kukwana, asi chokwadi chiri huchapupu hwaMwari; uye mwana waMwari anoteerera uye anotenda, anoona mukati mawo kubwinya kwesimba raMwari, rakazara nenyasha nechokwadi.**

**MuShoko rake, Mwari akapa vanhu ruzivo runodiwa kuti vawane ruponeso. Magwaro Matsvene anofanira kugamuchirwa sechizaruro chine simba uye chisingakanganisi, chinoratidza kuda kwaMwari.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo**

EGW (The Great Controversy, p. 6)

# APPENDIX: INFALLIBILITY OF THE WRITINGS OF ELLEN G. WHITE

When God commanded Ellen to write her messages, she responded, “I can’t write.” But God strengthened her, and she began to write. Over time, she used writing assistants who corrected her spelling mistakes and improved the phrasing of some sentences.

They never altered the meaning of the message, nor did they add anything of their own. The final texts were always reviewed by Ellen.



Mary Ann “Marian” Davis (1847-1904), literary assistant. Photo courtesy of “Ellen G. White Estate, Inc.”



Sarah E. Peck, 1880s. Photo courtesy of “Center for Adventist Research .”



Regarding her infallibility as a prophet, Ellen declared: “Concerning infallibility, I never claimed to have it. Only God is infallible” (Selected Messages, vol. 1, p. 42).

Regarding the infallibility of her writings, she herself wrote: “There are times when common things must be stated, common thoughts must occupy the mind, common letters must be written, and information that has been passed from one worker to another must be given. Such words, such information, are not given under the special inspiration of the Spirit of God” (Selected Messages, vol. 3, p. 64).

